Healthy Start MomCare Network, Inc.
Avi sou pratik ki gen pou wè ak vi prive

Dat li antre an vigè: 01/07/2022

AVI SA A DEKRI KI JAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO GEN DWA ITILIZE OSWA DIVILGE AK KI JAN OU KA FÈ POU OU JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI, REVIZE LI AVÈK ATANSYON.

Lalwa mande Healthy Start MomCare Network, Inc. ("Rezo a") pou li kenbe enfòmasyon medikal ou you sekrè epi pou li enfòme ou de obligasyon lalwa fè li pou li pou li kenbe enfòmasyon ou yo sekrè. Objektif avi sa a se pou kapab ba ou enfòmasyon sa a.

Rezo a konsidere konfidansyèl epi pwoteje nenpòt enfòmasyon ki gen pou wè ak sante ou, swen sante ou resewa oswa kantite lajan ou peye pou resevwa swen sa. Nou gen obligasyon pou nou respekte avi ki an vigè a nan moman n ap itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo.

Nou gen dwa pou nou chanje konti avi sa a epi fè nouvo kontni an antre an vigè pou tout enfòmasyon medikal nou genyen yo. N ap pibliye yon kopi avi ki an vigè a sou paj wèb nou an nan HealthyStartMomCareNetwork.org. Ou gendwa sone biwo nou an nan (850) 999-2620 pou ou kapab mande yon kopi nan avi ki an vigè a.

SEKSYON A
NOU GEN DWA ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO POU SA KI GEN POU WÈ AK TRETMAN, PÈMAN AK OPERASYON SWEN SANTE YO

Sa nou pral site la yo se yon deskripsyon de egzanp diferant fason nou kapab itilize ak divulge enfòmasyon medical ou yo:

- Pou sa ki gen pou wè ak tretman: Nou gen dwa bay founisè swen sante ou yo enfòmasyon sou sante ou, sa ki enkli rezo pèsonèl, tyès pati ki enplike nan founi, jere oswa kowòdone swen sante ou. Pa egzanp:
  - Pwofesyonèl Swen Sante: Nou divilge enfòmasyon medikal ou yo bay doktè, enfimyè ak saj fam ki enplike nan founi w swen.
  - Rapèl randevou yo: Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou nou kapab fèw sonje randevou ou yo oswa ba ou enfòmasyon konsènan lòt kalite tretman oswa lòt avantaj sante ou gendwa kalifye pou w ta benefisye.

- Pou fè pèman: Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou nou kapab kolekte oswa fè yon pèman ki gen pou wè ak swen sante ou te, oswa w ap gen pou ou resevwa yo. Pa egzanp:
  - Asirans: Si ou patisipe nan yon plan asirans sante, n ap divilge enfòmasyon ki nesesè bay plan an pou nou kapab jwenn otorizasyon alavans, ak pèman, si sa ta nesesè.

  Nou gendwa divilge enfòmasyon medikal ou yo bay yon lòt founisè swen sante, yon plan sante, antite gouvènmantal ki responsab pou peye, oswa antite ki responsab pou tcheke epi apwouve pèman an.

- Pou sèvis ak aktivite nou yo: Nou gendwa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou sèvis ak operasyon nou yo. Izaj ak divilgasyon sa yo nesesè pou nou rezo nou an kapab byen fonksyone epi asire nou ke tout

kliyan nou yo ap resevwa bon jan kalite swen. Pa egzanp:

- o Amelyore kalite sèvis nou yo: Nou gendwa itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou nou kapab revize kalite swen ou resevwa oswa konpetans founisè yo.
- o Vant: Nou gendwa bezwen divilge enfòmasyon medikal ou yo si tout fwa nou ta vann oswa transfere Konpayi Rezo nou yo.

Pou sa ki gen pou wè ak kalite oswa fwod ak aktivite abizif, si ou genyen oswa te genyen relasyon ak yon founisè swen sante, yon plan sante oswa yon antite ki la pou tcheke peman, nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou yo bay antite sanitè sa yo nan kad travay yo.

SEKSYON B
NOU GEN DWA ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO SAN OU PA BAN NOU OTORIZASYON SOU PAPYE.

Sa nou pral site la a se yon deskripsyon de nan ki fason nou gen dwa divilge enfòmasyon ou yo san li pa nesesè pou ou tan bay yon otorizasyon oswa san ou pa gen opòtinite pou di si ou dakò oswa ou si pa dakò.

- Jan lalwa man de li a: Nou gen dwa itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou nan fason laswa mande a, depi izaj sa a oswa divilgasyon an konfòm epi limite ak jan lalwa mande l la.
- Aktivite Sante Piblik yo: Nan limit kote lalwa otorize oswa egzije li, nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou yo bay yon otorite sante piblik pou kapab rapòte yon nesans, desè, maladi oswa blesi, nan kad envestigasyon sante piblik, oswa pou kapab rapòte abi ki fèt sou timoun oswa granmoun, oswa vyolans andedan kay.

  Nan limit Food and Drug Administration ("FDA") otorize epi egzije li, nou gendwa divilge enfòmasyon medikal ou yo bay yon moun oswa yon ògananizasyon ki otorize pou rapòte evènman ki anòmal, retrase pwodui, fasilite yo rantre yon pwodui, repare, ranplase ak/oswa fè suivi aprè maketin. Sa vle di nou gen dwa divilge bay yon moun ki pa fè pati de gouvènman an enfòmasyon sou kalite, sekirite ak efikasite pwodui ak aktivite FDA reglemante yo.
- Viktim abi, Neglijans oswa Vyolans Domestik Si nou ta gen rezon pou nou kwè ou se yon viktim abi, Neglijans oswa Vyolans Domestik, nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou yo bay yon otorite gouvènmantal. N ap gen pou nou fè divilgasyon sa a si sa ta nesesè pou nou anpeche gwo malè rive ou oswa lòt moun ki gen posiblite pou yo ta vin viktim tou, si ou pa an mezi pou ou dakò a koz de enkapasite ou, si ou dakò ak divilgasyon an, oswa nan ka kote lalwa mande sa.
- Siveyans aktivite ki gen pou wè ak sante. Nou gendwa divilge enfòmasyon medikal ou yo bay yon ajans ki la pou founi je gade eta sante nan ka kote lalwa otorize sa. Aktivite siveyans sa yo enkli sa nou pral site la yo, men yo pa limite ak yo sèlman: odit, envestigasyon, enspeksyon ak lisans. Aktivite sa yo nesesè pou siveyans sistèm swen sante ki nesesè, avantaj gouvènman an bay ak pwogram reglemantè, konfòmite ak lwa dwa sivil.
- Pwosè administrativ ak jidisyè: Nou gen dwa divilge enfòmasyon sante ou jan yon tribinal oswa yon lòd administrativ ta mande nou pou nou fe sa a, nan sèten sikonstans si yo ta rele nou tribinal, yon rekèt legal oswa nan kad lòt pwosedi legal.
- Moun ki plase pou fè respekte lalwa: Nou gendwa pibliye enfòmasyon medikal ou yo bay yon ofisye ki la pou fè respekte lalwa jan lalwa mande li a. Nan kèk sikonstans ki limite, nou gendwa divilge enfòmasyon medikal ou yo pou rapòte yon krim nan lide pou nou repon ak yon demand yon tribinal te fè nou, le yo rele nou tribinal, voye manda bay nou oswa nan kad yon rekèt administrativ.
- Dèfen: Nan kad lalwa, nou gendwa divilge enfòmasyon medikal ou bay responsab finerè, medsen

lejis, oswa direktè ponp finèb.

- Rechèch: Si yon moun k ap fè rechèch ta resevwa otorizasyon apwopriye, nan men komite ki jere vi prive oswa nan men komite Revizyon Enstitisyonel, epi li demontre ke enfòmasyon an nesesè pou rechèch la epi ap gen yon minimòm risk pou ta mal itilize oswa divilge enfòmasyon yo, nou gendwa itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo nan kad rechèch. Si yon chèchè pa ta resevwa otorizasyon nesesè yo, nou p ap divilge enfòmasyon medikal ou yo san otorizasyon ekri ou, sof nan kad done limite, jan sa dekri pi ba a.

- Done ki limite: Nan kad rechèch, sante piblik, oswa oprerasyon swen sante yo, sa gen dwa nesesè pou nou ta itilize oswa divilge yon ti pati nan enfòmasyon medikal ou pou aktivite oswa bay moun nou pa gen okenn lot otorizasyon pou nou ta fè sa. Nan sitiyasyon sa a, nou gen dwa itilize enfòmasyon medikal ou yo pou kapab kreye yon baz done kote nou retire detay ki kapab fè idantifye ou dirèkteman (tankou non ou). N ap divilge enfòmasyon sa a n nan limit baz done nou te kreye pou sa a si sèlman nou resevwa konfimansyon nan men moun k ap resevwa enfòmasyon yo ke k l ap itilize yo oswa divilge yo sèlman nan limit objektif la.

- Pou prevni yon menas grav sou san sante oswa sou sekirite: Nou gen dwa itilize enfòmasyon medikal ou yo lè nou gen rezon pou nou kwè san movèz fwa ke divilgasyon an nesesè pou prevni yon menas grav sou sante ak sekirete w, oswa sou sante ka sekirite piblik la oswa yon lòt mou.

- Fonksyon gouvènmantal espesyalize: Enfòmasyon medikal ou gen dwa itilize nan sa ki gen pou wè ak lame ak veteran, sekirite nasyonal ak aktivite entèlijans, oswa pou aktivite koreksyon.

- Konpansasyon Travayè: Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou yo lè sa nesesè pou nou konfòme nou ak sa lalwa mande, nan sa ki gen pou wè ak konpansasyon Travayè oswa pwogram ki menm jan ak sa kote lalwa tabli yo pou kapab pèmèt moun ki frape oswa tonbe malad nan travay yo kapab resevwa konpasasyon ki revyen yo de dwa, san nou pa teni kont de kiyès ki an tò.

- Patnè komèsyal: Nou gen dwa pataje enfòmasyon ou yo bay yon moun oswa yon òganizasyon ki ranpli yon fonksyon oswa mennen yon aktivite pou Rezo a ki enplike nan izaj oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante ki pwoteje, tankou konpayi ki responsab pou jere dosye bil. Anplis de sa, si yon patnè komèsyal pa yon moun oswa yon òganizasyon kote nou pa ta gen otorizasyon pou nou divilge enfòmasyon medikal ou yo ba li, n ap itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo bay moun sa a oswa òganizasyon sa a sèlman si nou gen ase asirans ke patnè komèsyal sa a ap byen jere done konfidansyèl sa yo.

- Reprezantan pèsonèl: Nou gen dwa divilge enfòmasyon ou yo bay yon moun ki gen otorite pou l reprezante oswa pran desizyon sou sante ou pou ou daprè jan lalwa mande li.

SEKSYON C
NOU GEN DWA ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU POU LÒT BAGAY DEPI NOU GEN OTORIZASYON OU ALEKRI.

Lòt izaj ak divilgasyon enfòmasyon medikal nou pa trete nan avi sa oswa kote lalwa pa egzije sa, ap fèt sèlman avèk otorizasyon ekri ou. Ou gendwa revoke otorizasyon sa a nenpòt kilè. Sa dwe fèt alekri. Sepandan, revokasyon sa a p ap aplike nan limit kote nou te gentan poze aksyon ki te baze sou otorizasyon ou te gentan bay la. Anplis de sa, si otorizasyon an te bay antanke yon kondisyon pou ou te kapab benefisye kouvèti yon asirans, asirè a ap gen dwa pou li pwoteste nan kad polis asirans lan.

SEKSYON D
DWA OU GENYEN KI GEN POU WÈ AK ENFÒMASYON MEDIKAL OU

- Dwa pou ou mande restriksyon: Ou gen dwa pou ou mande yon restriksyon oswa limitasyon sou enfòmasyon medikal nou gendwa divilge sou ou pou tretman, pèman oswa oprerasyon swen sante yo. Ou gen dwa tou pou ou mande yon limit sou enfòmasyon medikal nou divilge sou ou pou bi notifikasyon oswa bay yon moun ki enplike nan swen ou oswa pèman pou swen ou, tankou manm fanmiy, zanmi.

  Nou pa gen obligazyon pou nou dakò ak demand lan. Si nou dakò, n ap respekte demand ou fè nou an sof si enfòmasyon an tan nesesè pou kapab ba ou asistans an ijans.

  Pou ou fè demand yon restriksyon, ou sipoze fè Ofisye vi prive nou an demand lan alekri. Restriksyon an p ap efektif tout otan Ofisye vi prive a pa revize epi apwouve li. Pou nou kapab asire nou demand lan byen fèt, nou gendwa mande ou pou ou itilize yon fòmilè n ap gen pou nou ba ou.

  Nou gen dwa mete fen nan yon restriksyon nou te apwouve a san konsantman ou. Nan ka sa a, restriksyon an ap aplike sèlman pou pwoteje enfòmasyon sante ki kreye oswa resevwa avan nou te enfòme ou nou te mete fen nan restriksyon an.
- Dwa pou ou resevwa kominikasyon konfidansyèl: Ou gen dwa pou ou mande pou nou kominike ak ou sou sa ki gen pou wè ak sante ou nan fason ou vle a ak nan espas ou vle a. Pa egzanp, ou gendwa mande pou nou kontakte ou selman lè ou nan travay oswa pa imèl. Pou ou fè demand kominikasyon konfidansyèl la, ou sipoze fè Ofisye vi prive nou an demand lan alekri. Nou p ap mande ou pou ki rezon ou fè demand sa a. N ap fè tout sa nou kapab pou nou reponn rezonableman ak rekèt yo. Ou sipoze espesifye nan rekèt ou an ki jan oswa ki kote ou ta swete nou kontakte ou. Pou nou kapab agreye rekèt ou an nou gen dwa mande ou (1) bay enfòmasyon sou ki jan w ap jere pèman yo epi (2) espesifye lòt fason ou ta vle nou kontakte ou. Pou nou kapab asire nou demand lan byen fèt, nou gendwa mande ou pou ou itilize yon fòmilè n ap gen pou nou ba ou.
- Dwa pou ou enspekte epi resevwa kopi: Ou gen dwa pou ou enspekte epi resevwa yon kopi sou enfòmasyon medikal ki pi resan nou kenbe sou ou. Sa kapab fèt sou papye oswa nan yon fichye elektwonik sou Rezo a; Ou sipoze voye rekèt la bay Ofisye vi prive nou an alekri. Pou nou kapab asire nou demand lan byen fèt, nou gendwa mande ou pou ou itilize yon fòmilè n ap gen pou nou ba ou. Si ou mande yon kopi enfòmasyon an, nou gendwa fè ou peye yon frè pou kapab peye fotokopi a, poste li ak tout lòt sa ki ta ka gen rapò ak demand ou an.

  Nou gen dwa rejte reket ou an pou ou enspekte oswa resevwa yon kopi nan kèk ka oswa sikonstans ki byen limite. Si nou rejte demand aksè ou an, ou gendwa pou ou mande revize rezon ki lakòz demand ou an rejte a. Rezo a ap chwazi yon lòt pwofesyonèl swen sante ki lisansye pou kapab revize rekèt ou an ak rezon ki fè nou pa apwouve li an. Se pa menm moun ki te rejte demand ou an k ap gen pou revize li. N ap respekte desizyon ki soti apre revizyon an.

- Dwa pou poute koreksyon: Si ou ta gen rezon pou ou panse ke enfòmasyon medikal nou genyen sou ou yo enkòrèk oswa enkonplè, ou gen dwa mande nou pou nou korije enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou ou mande pou nou korije enfòmasyon an nan dosye ou sou papye ak dosye elektwonik yo pandan tout tan n ap gen pou nou kenbe enfòmasyon sa yo nan rezo nou an. Pou ou mande yon koreksyon, ekri Ofisye vi prive nou an. Anplis de sa, ou sipoze bay rezon ki apiye demand ou an. Pou nou kapab asire nou demand lan byen fèt nou gendwa mande ou pou ou itilize yon fòmilè n ap gen pou nou ba ou. Nou gen dwa rejte yon demand koreksyon si ou pa prezante li alekri oswa ou pa bay rezon pou sipòte demand ou an. Anplis de sa, nou gen dwa rejte demand ou an si ou mande nou pou nou korije enfòmasyon si :

(1) Se pa nou ki te kreye li; (2) li pa fè pati de enfòmasyon medikal rezo nou an kenbe yo; (3) pa fè pati de enfòmasyon w ap gen otorizasyon pou ou vizite epi resevwa yon kopi; oswa (4) pa kòrèk oswa enkonplè.

- Dwa pou ou okouran de divilgasyon yo: Ou gen dwa pou ou mande enfòmasyon sou kèk nan divilgasyon yo. Sa a se yon lis divilgasyon enfòmasyon medikal ou yo nou fè. Ou gen dwa pou ou mande enfòmasyon sou kèk nan divilgasyon yo pou sa ki gen pou wè ak antite ki kouvri you pou yon peryòd tan ki pa depase 6 an apati de dat demand ou an. Pou ou fè demand pou metew okouran, ou sipoze fè Ofisye vi prive nou an demand lan alekri. Ou sipoze endike nan demand lan nan ki fòm ou ta vle jwen lis lan (pa egzanp, sou papye, elektwonik) N ap reponn demand ou an nan anviwon (60) jou oswa n ap voye di ou pou ki rezon nou gendwa bezwen plis tan. Premye lis ou mande a nan yon entèval 12-mwa ap gratis. Pou lis adisyonèl, nou gen dwa chaje w yon frè pou nou kapab ba ou lis la. N ap voye enfòmasyon ba ou konsènan pri a, e ou gendwa chwazi pou ou retire oswa modifye demand lan avan menm yo ta mande w pou w peye.

  Dwa pou ou okouran an pa konsène tout divilgasyon yo. ***Pa egzanp, ou pa gen dwa mande nou pou nou metew okouran apre ou te fin bay yon otorizasyon, divilgasyon pou fè tretman, pèman, oswa operasyon swen sante yo, oswa divilgasyon nan kad yon baz done limite.***

- Dwa pou ou resevwa yon kopi avi sa a sou papye: Ou gen dwa pou ou resevwa yon kopi avi sa a sou papye. Ou gen dwa mande nou yon kopi nan avi sa a nenpot le ou ta gen bezwen li. Menm si ou te dakò pou ou te resevwa avi sa a sou fòma elektwonik, ou toujou gen dwa pou ou ta resevwa yon kopi sou papye. Ou kapab al li yon kopi avi sa a nan fòma elektwonik sou pajwèb nou an ki se HealthyStartMomCareNetwork.org. Pou ou kapab jwen yon kopi avi sa a, ou kapab enprime youn apati de pajwèb nou nan, oswa sone biwo nou an nan (850) 999-6200 pou ou kapab mande yon kopi sou papye.

- Pote plent: Si ou ta gen rezon pou ou kwè yo te vyole dwa vi prive ou, ou gen dwa pote plen bay Rezo a oswa bay Secretary of the Department of Health and Human Services Pou ou pote plent bay Rezo a, ou sipoze fè sa a lekri bay Ofisye vi prive nou an nan

  HSMN Privacy Officer Karen Chang
  2002 Old St. Augustine Rd., Suite E-
  45 Tallahassee, FL 32301

  Yo p ap tire revanj sou ou poutèt ou te pote plent.

- Kesyon? Pou plis enfòmasyon konsènan pwen nou diskite nan avi sa a, ou gen dwa kontakte Ofisye vi prive nou an nan adrès ki anwo an oswa nan nan nimewo telefòn sa a: (850) 999-6200.

Healthy Start MomCare Network, Inc.
Akize resepsyon avi sou pratik ki gen pou wè ak vi prive

Jeneralman, Rezo a konsidere konfidansyèl epi pwoteje nenpòt enfòmasyon ki gen pou wè ak sante ou, swen sante ou resewa oswa kantite lajan ou peye pou resevwa swen sa. Nou gen dwa bezwen itilize enfòmasyon sante ki pwoteje yo pou nou kapab fè tretman, operasyon swen sante ak/oswa pou lot objektif. Avi sou pratik ki gen pou wè ak vi prive nou an bay plis enfòmasyon sou izaj ak divilgasyon ki otorize yo.

Sinyen anba a pou ou kapab konfime ke ou resevwa avi sou pratik ki gen pou wè ak vi prive a.

_____ _____

Siyati pasyan an oswa Reprezantan pasyan an Dat

Ekri non pasyan an oswa Reprezantan pasyan an: _____

Relasyon ak pasyon an: _____

Tanpri, voye konfimasyon resepsyon sa a bay nou pi vit posib. Si ou pa ka voye fòm sa a toune an pèson, ou gendwa voye li tounen pa imèl bay ofisye vi prive nou an nan adrès sa a:

HSMN Privacy
Officer Karen Chang
2002 Old St. Augustine Rd., Suite E-
45 Tallahassee, FL 32301